

BAB V

PANUTUP

5.1 Kacindekan

Wawacan Siti Permana téh nyaritakeun hiji awéwé anu geulis jeung hadé lampahna, réa lalaki anu mikaasihna, hanjakalna aya nu mawa kana lampah goréng, nya éta Tanu lantaran Permana téh geus kasirep ku asihanana, tapi ahina Permana nikah jeung Prawira. *Wawacan Siti Permana* anggitan M.K. Mangoendikaria téh ditalungtik ngagunakeun métode déskriptif. Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka. Tujuanana pikeun ngadéskripsikeun: 1) struktur formal *Wawacan Siti Permana*, 2) struktur naratif *Wawacan Siti Permana*, 3) unsur-unsur antropologi sastra dina *Wawacan Siti Permana*.

Struktur formal *Wawacan Siti Permana*, nya éta: a) guru lagu jeung guru wilangan: pupuh anu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan nya éta pupuh maskumambang jeung pupuh lambang. Sedengkeun pupuh nu teu luyu jeung patokan guru lagu jeung guru wilangan nya éta pupuh dangdanggula, pupuh sinom, pupuh asmarandana, pupuh kinanti, pupuh pangkur, pupuh magatru, pupuh mijil, jeung pupuh pucung; b) watek pupuh: pupuh dangdanggula ngagambarkeun watek anu keur bungah, pupuh sinom ngagambarkeun watek anu keur bungah jeung asmara, pupuh asmarandana ngagambarkeun watek anu keur kasmaran atawa kanyaah, pupuh kinanti ngagambarkeun watek anu keur nganti-nganti, pupuh pangkur ngagambarkeun watek anu keur lalampahan jeung ambek, pupuh magatru ngagambarkeun watek anu keur sedih, pupuh mijil ngagambarkeun watek anu keur sedih, pupuh pucung ngagambarkeun watek anu méré naséhat atawa pépéling, pupuh maskumambang ngagambarkeun watek anu keur sedih, jeung pupuh lambang ngagambarkeun watek anu keur banyol atawa heureuy; c) sasmita pupuh: sasmita pupuh dangdanggula nya éta manis jeung mamanisna, pupuh sinom nya éta aranom jeung sinom, pupuh asmarandana nya éta kasmaran, pupuh kinanti nya éta kinanti, gumusti jeung dikanti, pupuh magatru nya éta magatru,

Egi Praja Septian, 2016

**WAWACAN SITI PERMANA KARYA M.K. MANGOENDIKARIA
(KAJIAN STRUKTURAL DAN ANTROPOLOGI SASTRA)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pupuh pangkur nya éta kapungkur-pungkur, tukang, jeung tukang-tukang, pupuh mijil nya éta bijil, pupuh pucung nya éta mucung, pupuh maskumambang nya éta kumambang, jeung pupuh lambang nya éta lambang.

Struktur naratif dina *Wawacan Siti Permana*, nya éta: a) téma carita dina *Wawacan Siti Permana* nya éta ngeunaan kaasih; b) galur carita dina *Wawacan Siti Permana* nya éta galur campuran jeung miboga 18 épisode; c) motif carita dina *Wawacan Siti Permana* nya éta motif wasiat, motif nikah, motif babaran, motif lalampahan, jeung motif pipisahan; d) Tokoh dina *Wawacan Siti Permana* nya éta Siti Permana, Mas Prawira, Radén Tanu, Nyi Rohani, Agus Karimin, Endén Cicih, Juragan Demang, Nyi Demang, Ki Abdulkarim, Lurah jeneng, Nyi Lurah, jeung Ki Adul; e) latar carita dina *Wawacan Siti Permana* ngawengku latar tempat, latar waktu, jeung latar kaayaan. Latar tempat aya di Désa Cigéréléng, gunung Halimun, leuweung, walungan, kamar, lembur, dapur, palataran, bumi, kebon, kalurahan, jeung tepas. Latar waktu dina *Wawacan Siti Permana* nya éta waktu dina sapoésapeuting, waktu dumasar kana lilana (durasi) jeung sesebutan waktu séjénna. Latar kaayaan dina *Wawacan Siti Permana* nya eta prihatin, rariup, ceurik/ careurik, sedih/kasedih, nangis, susah, ma'mur, nyaah, asih/mikaasih, bungah/bingah, kasmaran, atoh, bogoh, bingbang, sono, tunggara, tunduh, bendu, senang, timburu, ikhlas, satengah gélo, hulang-huleng, tagiwur, panasaran, ijjid, geuleuh, ngéwa, sono, pusing, melas, teu éling, ambek, édan, bingung, kangen, cageur, waas/wararaas, lara, nalangsa, éra/isin, jeung kanyerian. Dina *Wawacan Siti Permana*, teu kapanggih manggalasatrana, anu jadi bubuka dina ieu wawacan nyaritakeun kana kaayaan di Désa Cigéréléng anu keur katarajang rariup. Kolofon dina *Wawacan Siti Permana*, dina jaman perang Itali jeung Absinia (Ethiopia) anu lumangsung nalika perang dunya II dina bulan Oktober 1935 nepi ka Mei 1936. Perang karajaan Italia (Regno d'Italia) jeung kekaisaran Ethiopia.

Antropologi sastra dina *Wawacan Siti Permana*, nya éta: a) sistem kapercayaan dina *Wawacan Siti Permana*, kapanggih ayana istilah-istilah kaagamaan, ayana kapercayaan kana mahluk goib, jeung ayana adat kabiasaan anu patali jeung siklus kahirupan jeung nu patali jeung kagiatan kahirupan; b)

Egi Praja Septian, 2016

WAWACAN SITI PERMANA KARYA M.K. MANGOENDIKARIA
(KAJIAN STRUKTURAL DAN ANTROPOLOGI SASTRA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sistem organisasi kamasarakatan dina *Wawacan Siti Permana* nya éta anu patali jeung lingkungan kulawarga jeung anu aya di lingkungan masarakat. Di lingkungan kulawarga aya 28. Di lingkungan masarakat; c) sistem élmu pangaweruh dina *Wawacan Siti Permana* téh ngawengku alam, tutuwuhan, sasatoan, warna, kecap sesebutan bilangan, ngaran panyakit, ngaran kadaharan, jeung papakéan; d) basa dina *Wawacan Siti Permana* anu nya éta ngeunaan Basa Sunda, basa Indonésia, basa Arab, gaya basa, jeung babasan paribasa. e) kasenian anu aya dina *Wawacan Siti Permana* nya éta réog angklung, tanji/tanjidor, gamelan, lisung dulag/dugdug; f) sistem pakasaban dina *Wawacan Siti Permana* aya anu kaasup dina lembaga jeung anu kaasup paripolah/kalakuan; f) sistem téknologi anu kapanggih dina *Wawacan Siti Permana*, nya éta aya ngeunaan pakarang, parabot imah, hiasan awak, tempat diuk, wates imah, jeung téknologi lianna.

5.2 Saran

Wawacan Siti Permana réa pisan mangpaatna pikeun panalungtik, utamana bisa nambahan pangaweruh dina widang sastra jeung élmu lianna. Dumasar kana éta hal, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun ka lembaga, murid, mahasiswa, guru, jeung masarakat umum.

- 1) Pikeun lembaga pendidikan, Ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan ajar. Sabab réa ajén-inajén nu nyangkarok di jero *Wawacan Siti Permana* hususna dina widang budaya Sunda;
- 2) Pikeun masarakat, *Wawacan Siti Permana* kudu dipikawanoh ku sakumna masarakat hususna di tatar Sunda, umumna keur sakabéh masarakat, lantaran mangrupa tradisi tinulis anu heubeul jeung sumebarna di masarakat Sunda;
- 3) Pikeun lembaga panalungtikan, panalungtik ngarasa dina ieu panalungtikan *Wawacan Siti Permana* téh masih kénéh réa ajén-inajén anu perlu diteuleuman deui, sarta jeuh tina kasempurnaan. Ku kituna, panalungtikan *Wawacan Siti Permana* kudu dituluykeun, sarta widang garapanana leuwih dihususkeun sangkan leuwih kaguar deui ajén-inajén anu masih kénéh nyamuni dina sajeroning éta karya sastra.

Egi Praja Septian, 2016

WAWACAN SITI PERMANA KARYA M.K. MANGOENDIKARIA
(KAJIAN STRUKTURAL DAN ANTROPOLOGI SASTRA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu